

## **Règleman Konsèy Konsiltatif Paran Elèv k ap Aprann Anglè nan Lekòl Piblik Endepandan New Heights nan Brockton**

**Atik 1.** Konsèy Konsiltatif Paran Elèv k ap Aprann Anglè (English Learner Parent Advisory Council, ELPAC) nan **Lekòl Piblik Endepandan New Heights nan Brockton (New Heights Charter School of Brockton).**

### **Atik 2. OTORITE**

1. ELPAC Lekòl Piblik Endepandan New Heights nan Brockton lan fòmè dapre dispozisyon Lwa Jeneral Massachussets Chapit 71A sou Edikasyon Elèv k ap Aprann Anglè (English Learner Education, ELE) ak 603 CMR 14.09: Konsèy Konsiltatif Paran Elèv k ap Aprann Anglè.

### **Atik 3. OBJEKTIF AK FONKSYON ELPAC**

1. Objektif Lekòl Piblik Endepandan New Heights nan Brockton se pou sipòte reysit eskolè tout Elèv k ap aprann Plizyè Lang (Multilingual Learner, MLL) ak ansyen Elèv ki t ap Aprann Anglè (Former English Learners, FEL) nan kominote Lekòl Piblik Endepandan New Heights nan Brockton epi bay paran ak responsab elèv k ap aprann Anglè ak ansyen elèv ki t ap aprann Anglè yo opòtinite pou bay opinyon yo.

2. Fonksyon ELPAC Lekòl Piblik Endepandan New Heights nan Brockton se pou:

1. Bay konsèy nan distri oswa nan lekòl konsènan pwogram Edikasyon pou Elèv k ap Aprann Anglè (ELE), ki gen ladan Ansèyman ki Fèt an Anglè (Structured English Immersion, SEI) ak Anglè kòm Dezyèm Lang (English as a Second Language, ESL);
2. Rankontre regilyèman ak responsab lekòl yo pou patisipe nan planifikasyon ak elaborasyon pwogram ki fèt pou amelyore posibilite edikasyon pou MLL yo;
3. Patisipe nan egzamen plan amelyorasyon lekòl ak plan amelyorasyon distri antanke plan yo konsène MLL yo;
4. Egzamine pwopozisyon distri lekòl la pou ofri yon nouvo pwogram ansèyman pou MLL yo.
5. Egzamine demann 20 oswa plis paran nan distri lekòl la pou yo louvri yon nouvo pwogram ansèyman lang;
6. Fè pwomosyon yon rezo paran ak responsab MLL yo epi bay yon fowòm pou pataje enfòmasyon ak diskite sou sijè konsène yo;
7. Pwomouvwa kominikasyon ant manm ELPAC, lòt konsèy paran nan distri a, pèsonèl distri a ak administrasyon, Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè, gwoup kominotè lokal, ak piblik la jan ELPAC ka vle sa.
8. Mande enfòmasyon nan distri lekòl la pou kapab ranpli fonksyon yo.

Distri Lekòl Piblik Endepandan New Heights nan Brockton ta dwe ede ELPAC pwograme reyinyon yo, iwenn yon espas pou reyinyon, fè fanmi yo konnen reyinyon yo, epi bay asistans pou lang.

#### **Atik 4. ADEZYON**

1. Jan yo egzije sa nan 603 CMR 14.09(4), vòt manm ELPAC yo ouvri pou:

- tout paran oswa responsab yon elèv kounye a ki idantifye kòm yon Elèv k ap Aprann Plizyè Lang; oswa
- tout paran oswa responsab yon elèv kounye ki idantifye kòm yon Elèv ki t ap Aprann Plizyè Lang nan pase.

2. Fonksyon manm yo:

- Ranpli fonksyon ELPAC ki dekri nan Seksyon 3;
- Asiste reyinyon ELPAC yo;

1

#### **Règleman Konsèy Konsiltatif Paran Elèv k ap Aprann Anglè nan Lekòl Piblik Endepandan New Heights nan Brockton**

3. Manm k ap vote yo ka patisipe nan eleksyon anyèl ofisye yo oswa nenpòt lòt kesyon ki vin anvan yon reyinyon ELPAC.

#### **Atik 5. OFISYE**

1. Eleksyon Ofisye yo

- Yo ka nonmen manm ELPAC yo oswa nonmen tèt yo pou vin yon ofisye.
- Ofisye ELPAC yo eli chak ane.
- Yon vòt majoritè senp manm k ap vote yo ki deside eleksyon yo **Pou pi piti, 6 manm dwe prezan pou fè yon vòt.**

2. Responsablite biwo ak ofisye ELPAC Lekòl Piblik Endepandan New Heights nan Brockton yo:

#### **Prezidan:**

- Fikse orè pou chak reyinyon, an konsiltasyon ak lòt manm ELPAC (ta dwe gen pou piti 3 Reyinyon MLL PAC pa ane)

- Dirije reyinyon ELPAC yo;
- Asire yon lyezon avèk Chèf ELE, ki deziyen pou asiste ELPAC la;
- Reyalize lòt tach ELPAC idantifye

#### **Ko-Prezidan:**

- Dirije reyinyon ELPAC yo si Prezidan an absan.
- Asiste Prezidan an sou demann li.
- Reyalize lòt tach ELPAC idantifye

#### **Sekretè:**

- Redije pwosè vèbal reyinyon ELPAC yo epi konsève yo nan yon klasè.
- Konsève epi mete ajou lis manm ELPAC yo.
- Reyalize lòt tach ELPAC idantifye

#### **Atik 6. REYINYON**

1. ELPAC nan Lekòl Piblik Endepandan New Heights nan Brockton reyini pou piti twa fwa pa ane yon kote nan distri lekòl la. ELPAC ka òganize lòt reyinyon si manm li yo egzije oswa vle sa.
2. Avi reyinyon ELPAC yo distribye bay paran ak responsab elèv k ap aprann angle ak ansyen elèv ki t ap aprann angle nan fason sa yo: depliyon, imèl, ak mesaj tèks (ki disponib nan lang ki pi komen nou yo)
3. Manm ki pa gen dwa vote yo ka asiste reyinyon ELPAC yo kòm envite.

#### **Atik 7. MODIFYE RÈGLEMAN AK PRAN LÒT DESIZYON**

1. Yon majorite senp manm k ap vote nan yon asanble jeneral ka modifye Règleman sa yo ak pran lòt desizyon.

Adopte nan dat **5 septanm 2023**